

Urukaratasi ruriko ibintu

# Kwitwara hisunzwe itegeko ryo kudakumirwa kubera urukoba

---

## Itegeko ryo kudakumira abantu hisunzwe urukoba ni iki?

*Itegeko ryo Kudakumira hisunzwe Urukoba ryo mu mwaka wa 1975 (Cth) (RDA) biba uguhonyanga amategeko iyo bagufashe nabi kubera urukoba rwawe, ibara ryawe, uko wavutse, ubwoko bwawe wavukanye canke ico uri co mu kuba inyambukira.*

Vyongeye ni icaha gihanwa n'amategeko iyo hari izigo ifatiye ku rukoba.

## Ni ryari iri tegeko rishobora gukoreshwa?

Urashobora gukoresha Kwitwara hisunzwe itegeko ryo kudakumirwa kubera urukoba kugira ngo uronke gufatwa neza mu bice vyinshi vy'ubuzima bw'igihugu:

- **Akazi** – kuronka akazi, ibisabwa kuri ako kazi, kwigishwa, guhabwa ivyubahiro, kwirukanwa mu kazi.
- **Indero/amashuri** – kwiwandikisha canke kwiga mw'ishuri y'abikorera utwabo canke mw'ishuri ya Reta, ishuri ryisumbuye canke kaminuza.
- **Aho umuntu ashobora kuba** – gukora canke kugura inzu canke aho ashobora kuba.
- **Kuronka canke gukoresha ibikorwa** – nko kuziganya canke assurance, ibikorwa bitangwa n'ibisata bitandukanye vya Reta, ugutwara abantu n'ibintu canke ibikorwa vyo gutumatumanako amakuru, ibikorwa bisaba ubuhinga buhanitse nk'ibitangwa n'abashingwamanza, abaganga canke abadandaji, ibikorwa bitangwa n'amazu y'uburiro, amaduka hamwe n'aho kwinezerereza.
- **Kutemererwa kuja ahantu hakoranira abantu** – nko mu ma parks, mu biro vya Reta, mu buriro, mu nzu z'uburaro canke aho bagurira ibintu.

## Ugukumirwa gufatiye ku rukoba ni iki?

Ugukumira gufatiye ku rukoba kuba iyo umuntu afashwe nabi kurusha uwundi muntu mu bihe bimwe kubera urukoba, irangi ry'urukoba, amavuko, inkomoko y'ah'umuntu avuka, igihugu canke kubera ubwimukira. Nk'akarorero, kwoba ari "ugukumirwa kugaragara" iyo umuntu yanse gukotesha inzu yiwe ku muntu w'uruko ba kanaka canke kubera irangi ry'urukoba.

Ugukumirwa kw'urukoba vyongeye kubaho igihe hari itegeko canke ingingo zifatwa kumwe kuri bose yamara bikagira ingaruka mbi ku bantu bo mu rukoba kanaka, irangi, amavuko, igihugu akomokamwo canke ubwoko akomokamwo canke ari inyambukira. Ibi vyitwa

‘gukumirwa kutagaragara’.Nk’akarorero, birashoboka ko biba ugukumirwa kutagaragara iyo ishira hamwe rivuze ko abakozi badategerezwa kwambara inkofero canke ibindi bintu bikingira umutwe igihe bari ku kazi, kubera yuko ibi bizogira ingaruka mbi ku bantu bo mu bwoko n’urukoba kanaka.

## Inzigo ifatiye ku rukoba ni iki?

Ni uguhonyanga amategeko gukora ikintu mu bantu gishingiye ku rukoba, irangi ry’urukoba, igihugu canke inkomoko y’ubwoko bw’umuntu canke umurwi w’abantu gishobora **kubabaza, gutukisha canke gukengera canke guterwa ubwoba**.

Uburorero bw’urwanko rufatiye ku rukoba bushobora kuba bugizwe n’ibi bikurikira:

- Ibintu bibabaza bicishijwe ku rubuga ngurukanabumenyi, harimwo-forums, ivyandikwa ku ma blogs, ivyandikwa ku mbuga ngurukanabumenyi hamwe n’ivyerekwa ku ma video ahanwahanwa
- Ivyo abantu bavuga bibabaza, bikomeretsanya canke amashusho mu bishirwa ahabona nko mu binyamakuru, mu nyandiko zoku mpapuro ntonto zigenewe guhabwa abantu
- Imvugo zikomereetsanya mu Manama arimwo abantu benshi
- Amajambo y’ibitutsi n’ugusototana mu bibanza bikoraniramo abantu benshi, nko mu maduka, aho abantu bakorera, mu ma park, mu miduga yunguruza abantu benshi canke kw’ishuri
- Ivyo abantu bavuga bitsitaza bigakomeretsa abantu iyo bari mu kwinonora imitsi, bigizwe n’abakinyi, abarorerezi, abamenyereza b’inkino canke abategetsi.

## Ni ryari icaha c’ingeso gifatiye ku rukoba kitaba ukurenga itegeko?

Itegeko rikingira ugukumirwa gufatiye ku rukoba rigamije guhagararira uburenganzira bwo gushikiriza ivyiyumviro mu bwigenge (‘kwishira no kwizana mu mvugo’) n’uburenganzira bw’ukubaho witegemya ata nzigo ifatiye ku rukoba. Ibi bikurikira ntibiba birenze itegeko rikingira ugukumirwa gufatiye ku rukoba iyo vyakozwe **“ataco bihekeyeko kandi mu kwizera kwiza”**.

- **Igikorwa c’ubuhinga canke kwiyereka** – nk’akarorero, mu rukino aho inyifato zibabaza abantu zikoreshwa n’umukinyi muri ico gikino.
- **Amajambo umuntu yavuze, ivyo yashize ahabona mu nyandiko, uguhanahana ivyiyumviro canke guharira gukozwe kubera ibijanye n’ubwenge canke n’ubushakashatsi** –nk’akarorero, guhanahana ivyiyumviro no guharira kuri politike y’abenegihugu nk’ uruja n’uruza rw’abantu, ibijanye n’imico kama itandukanye canke ingingo kanaka zifatirwa imirwi kanaka.
- **Kwandika icegeranyo c’ukuri kandi kidacisha hirya no hino ku bintu vyerekeye inyungu z’igihugu** –nk’akarorero, icegeranyo kidacisha hirya no hino mu kinyamakuru ku bijanye n’ingendo ibabaje y’ugukumira gufatiye ku rukoba.

- **Kugira ico uvuze cumvikana**, iyo ivyo umuntu ashikirije abishikirije avyizeye ata nzigo irimwo.

## **Nokora iki hamwe nokumirwa canke nkankwa mpowe urukoba?**

Urashobora gutura ico kirego ku muntu canke ku bantu babikoze.

Iyo ico kirego ku wo cega kidatorewe umuti, canke ntiwumve yuko ufise ubushizi bw'amanga bwo kumwitwarako, urashobora gutwara ico kirego ku murwi ujejwe agateka ka zina Muntu wo muri Australia. Urashobora kandi kuraba uwoguserukira, canke ugaca mw'ishirahamwe ry'abakora umwuga umwe barwanira inyungu zabo kugira ngo babigukurikire.

Nta buryo bisaba kwitwara mu murwi ujejwe agateka ka zina Muntu.

Ikirego cawe gikeneye kuba canditswe. Umurwi ujejwe agateka ka zina muntu urafise ico wuzuzako ikirego cawe uhejeje kwuzuzako ico kirego uca ukirungika na posita canke fax ukakirungikira umurwi canke urashobora kwitwara ukoresheje urubuga ngurukanabumenyi rwacu. Iyo udashobora gushira ico kirego cawe mu nyandiko, turashobora kubigufashamwo.

Kugira ngo ikirego cawe cemerwe gitegerezwa kuba gifise ishingiro y'ivyabaye witwarira ko Atari ibirego bitanyuranye n'ugukumirwa kandi utegerezwa gutanga ido n'ido zihagije ku vyo witwayeko harimwo ivyabaye, ryari vyabaye, aho vyabereye, kandi n'ababikoze.

Ikirego gishobora kuba mu rurimi urwo ari rwo rwose. Nimba ukeneye umusobanuzi canke umusiguzi, turashobora kubigutunganiriza.

## **Ni hehe nokura izindi nkuru?**

Ido n'ido ry'aho umurwi wo muri Australia ujejwe agateka ka zina muntu ukorera:

### **Telefone**

ibikorwa vyerekeranye n'inkuru z'igihugu: 1300 656 419 canke (02) 9284 9888

TTY: 1800 620 241 (kubuntu)

Faksi: (02) 9284 9611

### **Posita**

GPO Box 5218  
Sydney NSW 2001

### **Ubuhinga ngurukanabumenyi**

umurongo ngurukanabumenyi: [infoservice@humanrights.gov.au](mailto:infoservice@humanrights.gov.au)

urubuga ngurukanabumenyi: [www.humanrights.gov.au](http://www.humanrights.gov.au)

Urashobora gushikiriza canke kwitwara uciye ku buhinga ngurukanabumenyi  
[www.humanrights.gov.au/complaints\\_information/online\\_form/index.html](http://www.humanrights.gov.au/complaints_information/online_form/index.html).

Iyo ugendana ubumuga bwo kutumva canke ufise ikibazo c'ukutumva urashobora kuturondera ukoresheje TTY kuri 1800 620 241.

Iyo ugendana ubumuga bw'ukutabona canke utabona neza turashobora kuguha inkuru mu bundi buryo uvyisabiye.

## **Ahandi ushobora kwitura mu birego bijanye n'inzigo wagiriwe kubw'urukoba**

Iyo urajwe ishingira n'inkuru zica mu binyamakuru bikomeretsa, ivyacyiye mu maradiyo, canke ivyacyiye ku mbuga ngurukanabumenyi, urashobora kwitwara mu rwego rucungera uguhanahana amakuru muri Australia n'abajewe ugucungera uguhanahana amakuru (ACMA); umurwi ujejwe gucungera ukumenyekanisha ibintu; canke inama ya Australia ijewe inkuru zivugwa mu binyamakuru. Urashobora kandi kwitwara ku mukuru ajejwe kwemerera ko ibintu bivugwa mu binyamakuru canke ku muyobozi w'ishirahamwe ry'imenyeshamakuru.

Iyo urajwe ishingira n'ingeso zisomborotsanya canke zikomeretsa, inyifato zikomeretsa zigizwe n'ababanyi, urashobora kwegera ahantu hajewe ubutungane bw'ikibano kugira ngo bagufashe gutorera umuti ikibazo canke igisata kijejwe uburaro bw'abantu iyo uba mu nzu zubatswe na Reta.

**Iyo utewe ubwoba canke uhigirwa kugirirwa nabi ni witure inyamiramabi.**

## **Impanuro zijanye n'amategeko muri rusangi**

Nimba wipfuzaga kujana ikirego cawe, urashobora kubanza kugomba kuronka impanuro ku bijanye n'amategeko. Hariho ibikorwa mu kibano bijanye n'amategeko bishobora kukugira inama ku buntu ku vyerekeranye n'ugukumirwa hamwe n'ugukubakurwa. Urashobora ukajya ku kigo kikwegereye co mu kibano kijejwe ivyo amategeko ([www.naalc.org.au/directory](http://www.naalc.org.au/directory)).

**Ico twikuyeko: inkuru ziri muri uru rukaratasi zerekeranye n'umuyobora gusa. Ntizubirira ingingo zifatwa n'amategeko.**